

VIL MIAMI, FLORID
AVI POU TÈS EKIPMAN TABILASYON (TÈS LOJIK AK PRESIZYON)
AK KALANDRIYE KOMISYON ELEKTORAL POU
DEZYÈM TOU ELEKSYON 21 NOVANM 2023 VIL MIAMI
(Sijè a chanjman)

Komisyon Elektoral Vil Miami va reyini nan Biwo Sipèvizè Eleksyon an, 2700 NW 87th Avenue, Miami, Florida 33172. Komisyon Elektoral la ap reyini nan dat sila yo pou Dezyèm Tou Eleksyon 21 novanm 2023 Vil Miami an.

DAT/LÈ	AKTIVITE
Mèkredi 15 novanm 2023 2:00 p.m.	1. Tès Lojik ak Presizyon sistèm ekran dijital ak lektè optik pou sistèm vòt ki pral sèvi pou bilten vòt pou vote pa lapòs, bilten vòt vote pi bonè ak bilten vòt biwo vòt yo, epi pou sistèm odit endepandan otomatize
Vandredi 17 novanm 2023 jiska Lendi 27 novanm 2023 10:00 a.m. jiskaske li fini	1. Enspeksyon piblik bilten vòt pou vote pa lapòs (8:00 a.m rive 8:30 a.m) 2. Opòtinite chak jou pou kandida, ofisyèl pati politik, ofisyèl komite politik, oswa moun ki otorize pou enspekte bilten vòt pou vote pa lapòs ak materyèl bilten vòt yo (yo sèlman bay sa si yo resevwa yon demann alekri pa pi ta pase 48 èdtan anvan enspeksyon ki pwograme a) (8:30 a.m. rive 9:00 a.m.) 3. Pwosesis eskane bilten vòt nan sistèm odit endepandan otomatize (si sa nesèsè)
Vandredi 17 novanm 2023 10:00 a.m. jiskaske li fini	1. Ouvèti ak trètman bilten vòt pou vote pa lapòs (si sa nesèsè) 2. Diplikasyon bilten vòt (si sa nesèsè)
Madi 21 novanm 2023 Depouyman: 5:00 p.m. jiskaske li fini 7:00 p.m. jiskaske li fini	1. Enspeksyon piblik bilten vòt pou vote pa lapòs (11:30 a.m. rive 12:00 p.m.) 2. Opòtinite chak jou pou kandida, ofisyèl pati politik, ofisyèl komite politik, oswa moun ki otorize pou enspekte bilten vòt pou vote pa lapòs ak materyèl bilten vòt yo (yo sèlman bay sa si yo resevwa yon demann alekri pa pi ta pase 48 èdtan anvan enspeksyon ki pwograme a) (12:00 p.m. rive 12:30 p.m.) 3. Depouyman bilten vòt pou vote pa lapòs ki prezime pa valid (si sa nesèsè) 4. Diplikasyon bilten vòt (si sa nesèsè) 5. Tabilasyon rezilta yo 6. Rezilta ki <u>pa ofisyèl</u>
Lendi 27 novanm 2023 2:00 p.m. jiskaske li fini	1. Depouyman bilten vòt pou vote pa lapòs ak bilten vòt pwovizwa (si sa nesèsè) 2. Sètifikasyon rezilta <u>ofisyèl</u>
Mèkredi 29 novanm 2023 2:00 p.m. jiskaske li fini	1. Reyalize odit apre eleksyon

Samdi, dimanch ak jou ferye Konte a obsève yo pa ladan sòf si yo endike otreman.

Manm Komisyon Elektoral

Betsy Alvarez-Zane, Jij Konte, Prezidan
 Todd B. Hannon, Grefye Vil
 Charles McEwan, Elektè Kalifye

Manm Altènatif Komisyon Elektoral

Miesha Darrough, Jij Konte
 Gustavo Frank Dominguez, Elektè Kalifye
 Joseph T. Longueira, Elektè Kalifye
 Maribel Martinez, Elektè Kalifye

Tout pwosedi yo va ouvè a piblik la. Pou yon entèprèt langaj siy oswa lòt akomodasyon, tanpri kontakte Biwo Grefye Vil la nan 305-250-5361 omwen twa (3) jou ouvab davans. Itilizatè TTY yo ka rele nan 711 (Sèvis Relè Florid).

An akò avèk Seksyon 286.0105, Lwa Florid, yon moun ki fè apèl kont kèlkeswa desizyon Komisyon Elektoral la pou sa ki gen rapò ak kèlkeswa sa yo konsidere nan yon reyinyon, li va bezwen yon dosye pwosedi yo epi asire ke gen yon dosye mo pou mo pwosedi yo ki fèt.

Sonje ke orè Komisyon Elektoral la kapab chanje. Pou mizajou sou Kalandriye Komisyon Elektoral la ak plis enfòmasyon, tanpri vizite <http://miami.gov/elections> oswa kontakte Biwo Grefye Vil Miami pa imel nan City-Campaigns@miamigov.com oswa 305-250-5361.



Todd B. Hannon
 Grefye Vil
 Anons Nim. 41129